

**АДÆМ КÆРÆДЗЕЙ КУ НÆ ЛÆДÆРОНЦÆ, УÆД СИН ДУЙНЕЙ ФИДБИЛИЗ ДÆР – УНАФФÆГÆНÆГ!..**

***ЕПХИТИ** Тæтæри (1911-1958), финсæг: «Уарзондзийнадæ æ тухæ æвдесуй алли хузти: хаттæй-хатт хуæнхон уоддзæфи хузæн рæвдауй бæрзонд æма федар бæласи сифтæ. Фал еци сабур уоддзæф хаттæй-хатт фестуй уаддумгæ æма еци бæласи æ бундзæфхадæй дæр фелвасуй æма рапурхитæ кæнуй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№41 (961) 2024 анзи 2 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман


# НÆ АДÆМТИ ЕУДЗИЙНАДÆЙ ТУХГИН ÆМА ЦАРДГЪОН ÆЙ НÆ ФИДИБÆСТÆ!..



Уæрæсей дзиллæ цитгинæй ке исбæрæг кæнунцæ, нæ еци паддзахадон бæрæгбæнттæй еу æй – адæмон еудзийнади Бон. Бæрæггонд цæуй 2005 анзæй фæстæмæ алли анз дæр 4 ноябри. Аци бæрæгбонæн æ ахедундзийнадæ бæрæг даруй уомæй, æма нæ Фидибæсти сæрбæлтау нæ адæм цæйбæрцæбæл æмвæндæ-æмзундæй фæййархайунцæ цийфæнди уавæрти дæр. Нæ адæми еци разæнгарддзийнадæ бæрæг æй абони дæр, дуйней кæцидæр паддзахæдти Уæрæсемæ фудзæрдæ дарæг разамонгутæ нæ Фидибæсти нихмæ аллихузон мæнгарддзийнæдтæ æма знаггадæ ку аразунцæ, уæд. Фал сæ сонт миутæй неци рауайдзæнæй – нæ бæсти еугур адæмихæттитæ уæхæн фудголтæн алкæддæр карз нихкъуæрд лæвардтонцæ, дæттунцæ æма дæтдзæнæнцæ. Уомæн æнæ уотæ уæн дæр нæййес... Нæ газети абони номери ба мухур кæнæн аллихузон æрмæгутæ, кæцитæ, махмæ гæсгæ, æвдесунцæ нæ бæрæгбони медес.

## ФОРУМ



### ИСКУРДИАДÆГИН ФÆСЕВÆДИ ХЪÆППÆРЕС

Аци бæнтти Цæгат Иристони сæйраг сахари æ куст кæнуй Дзæуæгигъæуккаг фæсевæдон æртиккаг форум. Фæсевæди минæвæрттæн фадуат ес сæ ахсгиагдæр социалон æма исфæлдистадон проекттæ рæнгъæмæ рахæссунæн.

Зундгонд куд æй, уотемæй фиццаг уæхæн урух фæсевæдон æмбурд Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй 2022 анзи сахари администраций сæргълæууæг **Милдзихти Вячеслави** хъæппæресæй. Форуми сæйрагдæр нисантæ адтæнцæ хъæппæресгин æма искурдиадæгин фæсевæди еу фæзуатбæл æрбамбурд кæнун, æхсæнади идарддæри райрæзтбæл æрдзорун, æригæнтти цæмæдесагдæр исфæлдистадон проекттæн цардмæ над раттун...

Æртиккаг форум игон кæнгæй, сахари администраций разамонæги хуæдæййевæг **Ходи Мæдинæ** куд бафеппайдта, уотемæй дууæ анземæ фæсевæдон æмбурд æ бунат иссирдта æхсæнади царди, æ архайгутæ аразийæй байзайунцæ, организатортæ син ци фембæлдтитæ бацæттæ кæнунцæ, уонæй.

– Дузæрдуггаг нæй, уæхæн форумтæ гъæугæ ке 'нцæ, фæсевæди гъомус раргом кæнунæн агъаз ке фæуууодзæнæнцæ, е. Æмбурди еугур архайгутæн дæр мæ зæрдæ зæгъуй цæмæдесаг фембæлдтитæ æма æнтæстгин архайд! Нифс мæ ес, форуми кусти рæстæг берæ хъæппæресгин фæсевæди хæццæ ке базонгæ уодзинан, сахари идарддæри райрæзти сæрбæлтау ахедгæ фæндитæ ке фегъосдзинан, уомæй, – загъта Мæдинæ.

Еумæйаг кадгин æмбурди фæсте форуми архайгутæ сæ куст раидарддæр кодтонцæ цалдæр фæзуатебæл. Фæсевæдæн исаразтонцæ ахурадон лекцитæ, семинартæ, мастер-класстæ, исфæлдистадон лабораторитæ, культурæ, аййевадæ æма спорти зингæ архайгути хæццæ фембæлдтитæ... Зæгъæн, æригæнтти еу къуар базонгæ 'й ехин галауан «Тагбан»-и кусти хæццæ, иннетæн ба Оперæ æма балети театри фембæлд адтæй Мариинаг театри Дзæуæгигъæуккаг хайади сæйраг балетмейстер **Суанти Валерийи** хæццæ. Уомæй уæлдай, форуми архайгутæ бабæрæг кодтонцæ Цæгат Иристон-Аланий Парламент, Национ музей, фæсевæди Галауан, хе минкъий кустуат Михайловски гъæуи æма уотæ идарддæр.

Фæсевæдон форуми кустæн хатдзæгтæ искæндзæнæнцæ. Цæттæгæнæн комитети зæрдæ байвардтонцæ, форуми архайгутæ æмбурдмæ ци социалон æма исфæлдистадон проекттæ бавдистонцæ, уонæн сæ ахедгæдæртæ æнхæстгонд ке цæудзæнæнцæ сæрмагонд муниципалон программи фæлгæти. Уой хæццæ, æртæ хуæздæр фæсевæдон проектемæн исаккаг кæндзæнæнцæ æхцай гранттæ.

*Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999) академик: Хецæн адæймаги меддуйнейæн, менеугутæн ци барæнтæмæ гæсгæ аргъ кæнæн, уæхæнттæмæ гæсгæ гъæуама аргъ кæнæн алли бæстæн, адæмæн, нацийæн дæр...» Ци менеугути фæрци нимайæн адæймаги? Æ зунди, æ гъомбæлади, е 'фсарми, адæми хæццæ цæрун зонуй, агрессивон æй æви нæй, хестæрæн æгъдау дæттуй, сувæллæнттæ*

ЦÆГАТ КАВКАЗАГ ФЕДЕРАЛОН ЗИЛД: ÆНТÆСТДЗИЙНÆДТÆ ÆМА НИСАНТÆ



# СÆЙРАГДÆР ИХÆС ÆЙ – АХЕДГÆ АРХАЙД НАЦИОН ПРОЕКТТИ!..



Цæгат Кавкази федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвари размæ косæг советæн æрæги видеобастдзийнади фæрци ци кезуй æмбурд адтæй, уоми лæмбунæг дзубанди цудæй фиццагкезуй национ пректтæ æнхæст кæнуни уавæрбæл, уæдта 2030 анзи уæнгæ райрæзти нæуæг программитæбæл бакосуни хæццæ баст фарстатæбæл. Аци мадзали архайдта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** дæр.

Президенти Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавказаг федералон зилди **Юрий** Чайка æмбурди райдайæни куд фæббæрæг кодта, уотемæй фиццагкезуй национ проектти уагæвæрдтæ царди рауадзунбæл ахедгæ куст цæуй регионти. Уой баханхæ кæнгæй ма æ радзубандий уотæ загъта:

– Хецауадзийнади еугур къабæзтæн дæр сæ аллибони архайди гъæуама вазугиндæр уа национ проекттæбæл куст. Еци гъуддаги федералон зилди регионтæ æнгом æмгустадæ кæнунцæ хецауадзийнади федералон оргæнти хæццæ. Уой туххæй æз арфиаг дæн Цæгат Кавкази субъектти разамонгутæ æма хецауæдти сæрдартæй.

Юрий Чайка æ радзубандий зингæ æргом раздахта, куд фæнзуйнаг фæлтæрддзийнади æвдесæнтæмæ, уотæ, нерæнгæ ма аци бæрнон кусти ци хецæн къулумпиддзийнæдтæ ес, уонæмæ дæр. Æ загъдмæ гæсгæ, национ проекттæбæл кусти хуарз фæлтæрддзийнадæбæл æнцойнæ æма къулумпидзийнæдтæй афойнадæбæл хатдзæгтæ кæнгæй, гъæуй разæнгардæй тундзун раздæр федаргонд еугур нисантæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи исæнхæст кæнунмæ.

Регионти разамонгутæ еугурæйдæр сæ радзубандити бæлвурд хабæрттæ фегъосун кодтонцæ, национ проектти уагæвæрдтæ сæмæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой фæдбæл. Зæгъæн, Сергей Меняйло куд фæббæрæг кодта, уотемæй Цæгат Иристон гъомусгинæй архайуй æртиндæс федералон национ проекттеми. Уони бундорбæл республикæ бацæттæ кодта æхсæз æма дууинсæй регионалон программи. Амунд проекттæ æма программиттæ æнхæст кæнуни гъуддаги республикæ цæйбæрцæбæл æнтæстгинæй архайуй, уомæн ирд æвдесæн æй е дæр, æма уой фæдбæл федералон рейтингти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ Цæгат Иристон раздæри 82-аг бунатæй исхизтæй 24-аг бунатмæ.

– Уой хæццæ, республикæ косуй, 2030 анзи уæнгæ нæуæг фиццагкезуй проекттæмæ ци объекттæ бахæссун гъæуй, уони проектон-хæрзти документацибæл дæр, – фегъосун ма кодта Сергей Меняйло æ радзубандий. – Еци фарстай фæдбæл регион æнгом æмархайд кæнуй федералон профилон ведомствити хæццæ. Еугур бæрнон косгутæн дæр фæдзæхст æрцудæй еугур фадуæттæй дæр æнхæстæй испайда кæнун, цæмæй Цæгат Иристон ахедгæ хузи архайа нæуæг национ проектти дæр.

Совети иуонгтæ аци æмбурди рæстæг ма се 'ргом раздахтонцæ федералон зилди аллибони царди æндæр ахсгиаг фарстатæмæ дæр.

Цæгат Кавкази зилди субъектти разамонгутæй уæлдай ма дзубандий архайдтонцæ æма сæ феппайуйнæгтæ æма фæндитæ бахастонцæ Уæрæсей Федераций Паддзахадон Думи граждайнаг æхсæнади ирæзти, æхсæнадон æма динти еугæнди фарстати фæдбæл Комитети сæрдар **Ольгæ Тимофеева**, Уæрæсей Федераций æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри фиццаг хуæдæййевæг **Виктор Фисенко**, Уæрæсей рохсади министри хуæдæййевæг **Андрей Николаев**, Уæрæсей энергетики министри хуæдæййевæг **Евгений Грабчак**, Уæрæсей Хецауади проектон архайди департаменти директори ихæстæ æнхæстгæнæг **Сергей Ткаченко**..

ХÆДЗАРÆМÆ ХУАРÆЙ ИДЗАГ УÆРДУН КУ ТОЛА, УÆД СИ БИЙНОНТИ ЦАРД АМОНДГУН ÆЙ!..

# АЛЦИДÆР – АДÆМИ УОДÆНЦОЙНÆН

Нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** си сæрдареуæг кодта, уотемæй æрæги министрадти æма ведомствити разамонгутæн ци æмбурд аразт æрцудæй, уоми 'ркастæнцæ республики социалон-экономикон райрæзти фæдбæл æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг аллихузон фарстатæмæ.

Цæгат Иристони бюджет æма хъалонти политикæ 2025 æма 2026-2027 æнзтæмæ куд аразт цæудзæнæй, уой тухххæй закъони проекттæбæл, уæдта 2024 анзи фараст мæйæмæ республики бюджет куд æнхæстгонд æрцудæй, уобæл радзубанди кодта республики финанси министри фиццаг хуæдæййевæг **Оксанæ Карова**. Æма æ радзубандий уотæ загъта:

– Кæд нæ бæсти зин экономикон æма политикон уавæр исæвзурдæй, уæддæр нæ бон бацæй хъалонти аллианзон нивæбæл куст багъæуай кæнун. Е нин фадуат равардта æнæкъулумпийæй афойнадæбæл фиццаг кезуй хæрзтæ æма нæ социалон ихæстæ æнхæст кæнунæн. Фиццагидæр – республики экономики райрæзт, национ проекттæ царди рауадзун, бунæттон администрацити инфраструктури райрæзт мацæмæй бакъулумпи кæнун.

Куд ма баханхæ кодта, уотемæй нæ регион æфтуйæгтæ аци анзи фараст мæйемæ рауадæнцæ 37 миллиард сомемæй фулдæр. Нуртæккæ кæронмæ фæхъхъæртуй нæ республики сæйрагдæр финансон документи проектбæл куст хæстæгдæр æртæ анземæ.

Аци æмбурди нæ республики ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ** ба куд фегъосун кодта, уотемæй берæсувæллонгин æма фæккæсуйнаг бийнонти сувæллæнттæн скъолати æма æндæр ахургæнæндæнтти лæвар хуæрдæ ке уодзæнæй. Уæхæн æйиивддзийнæдтæ Хецауади унаффæмæ бахæсдзæнæнцæ.



Нæ республики гъæууон хæдзаради министр **Къусрати Алани** загъдмæ гæсгæ ба, хуæрзмуггаг картоф æма халсарти гибридти куст ка кæнуй, уонæн сæ хæрзти еу хай субсидити хузи бафедунæн фæткæ исфедар кæнунæн æйиивддзийнæдтæ бахæсдзæнæнцæ Хецауади унаффæмæ.

Берæфадуатгин центртæ æма паддзахадон портали райсæн уодзæнæй «Берæсувæллонгин бийнонтæ»-йи тухххæй æвдесæндар, – уой тухххæй фегъосун кодта республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министри хуæдæййевæг **Мамати Анджелæ**.

Нæ республики автомобилон нæдтæ æма хедти арæзтадæн, цалцæггæнæн куститæн ци хæрзтæ гъæудзæнæй, уой тухххæй аци æма хæстæгдæр дууæ анзи республикон бюджетмæ æйиивддзийнæдтæ хаст æрцæудзæнæй, – уой фæдбæл адтæй æ дзубанди нæ республики нæдти хæдзаради Комитети разамонæг **Солити Тариэлæн**.

Æмбурди кæронбæттæни Дзанайти Бариси загъдмæ гæсгæ, ци фарстатæбæл æрдзубанди кодтонцæ, етæ еугурæй дæр ахсгиаг æнцæ, фал уæддæр сæ сæйрагдæр ба 'й – республики бюджет. Æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Идарддæр дæр нæ хæрзти фулдæр хай баст уодзæнæй социалон фарстати хæццæ. Нæ зæрдæ уобæл дарæн, æма 2025 анзи нæ æфтуйæгтæ гъæуама исуонцæ 40 миллиард сомей бæрцæ. Фиццагкезуон уодзæнæнцæ нæ бæсти Президенти фæдзæхститæ, национ проекттæ æма паддзахадон программити фæлгæти республикæмæ федералон фæрæзнитæ цæмæй фулдæр цæуа, уобæл косун. Нæ республики алцидæр аразт цæуй æма цæудзæнæй цæргути уодæнцойнæдзийнадæн.

АХСГИАГ МАДЗАЛ




## ФУДИМЕЛÆ ГЪÆУАМА ЕУМÆЙАГÆЙ ИСКУНÆГ КÆНÆН!..

Нæ доги тæккæ æверхъаудæр фудмиутæ иссæнцæ терроризм æма экстремизм. Етæ ке фудæй исæгæр æнцæ нæ нури доги, уонæмæ нимади дæр нæй е, æма сæ фудмиутæй знагадæ ке кæнунцæ æвуд адæмæн, сæ фудæй ке бабун æнцæ æдзард сувæллæнттæ, сæ нийæргутæ…

Еци фудрахастдзийнæдти нихмæ карзæй-карздæрæй тох кæнуй Уæрæсей Федераци. Тох кæнуй еугур равгитæ æма гæнæнтæй. Уæхæн архайд еудадзугдæр æнхæстгонд цæуй Цæгат Иристони дæр. Æрæги ба Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университет æма нæ республики национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министради хъæппæресæй Дзæуæгигъæуи Национ наукон киунугæдони арæзт æрцудæй æхсæнрегионалон наукон-практикон конференци. Архайдтонцæ си куд нæ республики хецауадзийнади æнхæстгæнæг оргæнти косгутæ, бунæттон хеунаффæйади оргæнтæ, æхсæнадон организацитæ æма дини еугæнди минæвæрттæ, уотæ иуазгутæ Мæску, Пятигорск, Ростов, Грозна, Донецк æма Луганск сахарти уæлдæр ахургæнæндæнтти гъуддаг лæмбунæг æвзарæг экспертæ.

Конференций дзубанди ба цудæй Уæрæсей Федераци терроризм æма экстремизми нихмæ тох кæнуни фæдбæл 2024-2028 æнзтæмæ ци мадзæлттæ нисангонд цæуй, уонæбæл. Уони фæдбæл æ радзубандийæй мадзал байгон кодта Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети философи æма политики кафедри разамонæг, профессор **Дзахæти Ларисæ**.

Æмбурди архайгутæ æма иуазгутæн райарфæ кодта нæ республики Сæргълæууæги агъазгæнæг, терроризми нихмæ тохгæнæг къамиси аппарати разамонæг **Олег Баранов**, республики национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министри хуæдæййевæг **Вадим Лесь**, Хетæгкати Къостай номбæл университети наукон архайди проректор **Тенгиз Тиникашвили**.

Æмбурди пленарон хайии цæмæдесаг докладтæ искодтонцæ Пятигорски паддзахадон университети профессор **Мая Аствацатурова**, Уæрæсей наукити Академий æхсæнадон наукити наукон информацити институти æнæлухгонд фарстатæ ахур кæнуни центри разамонæг **Юрий Черный**, Грознай Х.И. Ибрагимови номбæл Комплексон наукон-æртасæн институти косæг, политикон наукити кандидат **Али Салгириев**, Ростови Терроризм æма экстремизми нихмæ архайæг центри психолог **Дарья Юношева**.

Конференций рæстæг терроризм æма экстремизми нихмæ архайди аллихузон мадзæлтти фæдбæл ахургæндтæ дзубанди кодтонцæ хецæн секцити. Аци фарстатæбæл исаразтонцæ цæлхæмбурд дæр. Кæронбæттæни ци резолюци исфедар кодтонцæ, уоми æвдист æрцудæнцæ идарддæри архайди нисантæ æма регионти фæлтæрддзийнадæй хуæздæр пайда кæнуни мадзæлттæ.

Нæ Фидибæсти намуси бæнттæй еуебæл нимад æй 7 ноябрь – Дзæуæгигъæуи рæбун немуцаг-фашистон æрдонгти ниддæрæни Бон.

*бæл, федæни фæлтæртæбæл ауодуй, хæларзæрдæ æй æви нæ – етæ нин фадуат раттунцæ адæймагæн аргъ искæнунæн. Мадта паддзахæдтæ æма гурумухъ националисттæ ба сæхецæн куд аргъ кæнунцæ? Гæнæн æма амалæй фулдæр зæнхитæ байсун, тугъдон тухтæбæл, тугъдон гъомусбæл æфтаун – уæхæн над равзурстонцæ сæхецæн еуæй-еу паддзахæдтæ...»*





# «ЗНАГ СИ ÆМРЕЗÆГИ РЕЗУЙ!..»

Нæ Фидибæсти анзфинстмæ ку 'ркæсæн, уæд си уоййасæбæл берæ цаутæ æма хабæрттæбæл исæмбæлдзинан – уой дæр еу иннемæй ахсгиагдæр æма алæмæттагдæр. Фал си уæддæр кæцидæртæн ба уæлдай, нисанæвдесæг ахедундзийнадæ ес. Уонæй еу æй, 412 анзей размæ ци цау æрцудæй, е – 1612 анзи 4 ноябри дууæ уруссаг æхсаргин лæги Кузьма Минин æма Дмитрий Пожарский, сæхемæ райстонцæ, уой размæ æ исæнхæст кæнун ке неке бон бацæй, еци агъазиау ихæс – бантæстæй син æрбайеу кæнун уруссаг æфсæдтæ (растдæр зæгъгæй ба – адæмон хуæдæфсад) æма сæ фæрразæнгард кодтонцæ, нæ паддзахади сæйраг сахар Мæскуй цæйбæрцæдæр рæстæги дæргъи æдзæсгонæй ка æлдареуæг кодта, еци æлгъистаг польшаг-литвайаг тухесгутæй исуæгъдæ кæнунмæ.

Еци хабар кадæртæ хаттæй-хатт рабарунцæ 1945 анзи 9 майи хæццæ. Æма уæхæн рабарститæ раст нæ 'нцæ. Еуемæй, алли историон цауæн дæр æхе анзфинстити æхе хецæн бунат ес, æма ин аргъгонд дæр гъæуама æхе ахедундзийнадæмæ гæсгæ цæуа. Иннемæй ба, 1612 анзи 4 ноябри нæ уæдиккон паддзахади сæйраг сахар уæгъдæгонд æрцудæй, уой размæ си уæди хецауеуæггæнгути медастæу хæлхъойти фудæй ци фæсарæйнаг æрбалæборгутæ æрбунат кодтонцæ, уонæй. 1945 анзи 9 май ба нин цитгийнаг уомæй æй, æма 1418 боней дæргъи нæ берæнацион бæсти дзиллæ удуæлдайæй фæттох кодтонцæ гадзирахаттæй нæмæ 'рбалæборæг немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ, хъазауатæй-хъазауатдæр тохи багъæуай кодтонцæ нæ Фидибæсти сæребарæ æма хуæдбаради сæрбæлтау. Уой хæццæ ба ма гермайнаг фашизми цагъардзийнадæй фæййервæзун кодтонцæ Европи берæ паддзахæдтæ. Германий сæйраг сахари бæрæгастæу рейхстаги сæрмæ исфелудта Советон Цæдеси Уæлахези Туруса.

Уомæ гæсгæ ба, еци дууæ цауи æмбæрцæ баруни бунати нæ 'нцæ. Алкедæр си гъæуама цитгингонд цæуа, нæ Фидибæстæн, нæ адæмæн цæмæй агъазиау æнцæ, уомæ гæсгæ.

Уой нимайгæй, 4 ноябрæн Уæрæсей аккаг аргъгонд æрцудæй – 2005 анзæй фæстæмæ аци бон бæрæггонд цæуй куд адæмон еудзийнади Бон.

Уой кæд æрæги исбæрæг кодтан, уæддæр æнгъезуй еума хатт бæлвурддæрæй æримисун, циуавæр цаутæмæ гæсгæ ин уоййасæбæл бæрзонд аргъгонд цæуй æма ин лæвæрд æрцудæй паддзахадон бæрæгбони нисанеуæг. Уой фæдбæл берæ æрмæгутæ фæззиннуй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити. Мах газети дæр ибæл цудæй дзубанди. Фал уæддæр еума хатт æримисæн еци недзамани хабæрттæ – уой дæр уотид ракой кæнуни туххæй нæ, фал цæмæй лæдæрд уа: рагон æностæй абони уæнгæ дæр нæ Фидибæстæн алкæддæр адтæй æдзæстуарзонтæ, сæ гæнкъуртæ нæмæ ка хуардта æма нæмæ гæппæрвонгæй ка лæудтæй, уæхæнттæ. Гъæуама сæ зонæн, раги дæр ци адтæнцæ æма нур дæр ци 'нцæ, уой. Æма сæмæ гъæуама мах дæр, куд гъæуй, уæхæн зæрдихатт дарæн.

## СÆ ТУРУСАТÆ СИН ИСÆВДУЛДТОНЦÆ ЛÆКЪÆРДИ

Еци бон Минин æма Пожарскийи уруссаг æфсæдтæ карз нимпурстæй бампурстонцæ, Мæскуй нуртæккæ тукан «Сувæллæнтти дуйне» кæми 'й æма Паддзахадон универмаги 'рдæмæ, басастонцæ Китай-сахари гъæуайкæнуйнадæ, нуртæккæ Никольскаяйи гъæунгæ Лубянски фæзæмæ кæми рахезуй, уоми. Уотемæй æмпурсгæ цудæнцæ Сурх фæзи 'рдæмæ. Къниаз Пожарскийæн бантæстæй, ци уæззау тохæнгæрзтæ имæ адтæй, уони знаги нихмæ комкоммæ исаразун æма сæ æхсун байдæдта. Кремли ци польшаг-литвайаг тухгæнгутæ æрфедар æнцæ, уони карнæ карзæй лухгонд æрцудæй. Сæ раздзæуæг, польшаг болкъон Юзеф Будзило 7 ноябри æ къох бафинста, састи бунати ке байзадæнцæ, уой туххæй гæгъæдибæл. Мæскуй Кремли фарсмæ лæкъæрди æгадæ гæлст æрцудæнцæ знаги турусатæ.

Е дессаги æнæнгъæлæги цау иссæй – уомæй дууæ мæйи раздæр ба æ зæрди къуми дæр некæмæн æрцудайдæ, польшаг-литвайаг тухгæнгути уруссаг адæм уоййасæбæл æгади тард ракæндзæнæнцæ сæ зæнхæй, е. Речь Посполитойи (уæди рæстæги Европи тухгин паддзахæдтæй еу. – Ред.) паддзахадон архайæг æма историк Станислав Кобержицкий лæмбунæг æрфинста, еци рæстæг Варшави уæлдæрлæуууæг хецауади уавæр: «Уæлдæрлæуууæг разамундмæ уруссæгти карни мæтæ æгириддæр нæ адтæй, уомæн æма сæ нимадтонцæ, берæ хæттити ка фæммулд уидæ, уæхæн нихмæлæугутæбæл æма сæбæл æнцонтæй ке фæуууæлахез уодзæнæнцæ, уобæл уойбæрцæбæл федар æууæндтæнцæ æма сæ медастæу тæрхæнттæ хастонцæ Мæскуйæй польшæйаг бæстихай исаразунбæл».

Мард ци арс нæма 'рцудæй, уой цар рагацау дехтæ кæнун ке не 'нгъезуй, уой фæдеси дзæнгæрæг сæ гъостæбæл æрцудæй 1612 анзи. Уæд сæ нихмæ исистæг адæми бон бацæй, Мæскумæ ци 12 мин адæймаги æрбансæндунмæ гъавта, уони бауорамун. Етæ ба адтæнцæ Литвай цитгин гетмæн Ян Кароль Ходкевичи æвзаргæ æфсæдтæ. Етæ гъавтонцæ, Мæскуй Кремли федарæй ка æрбунæттон æй, сæ еци æмзæнхонтæн хуæлцæласæг адæм, фал дæрæнгонд æрцудæнцæ æма ледзæги фæцæнцæ. Кремли ци æфсæддон хай лæудтæй, етæ 'стонгдзийнадæ æвзарун байдæдтонцæ. Пожарский син æргомæй загъта, цæмæй сæхе уацари раттонцæ, фал ин етæ æфхуæрæни дзуапп равардтонцæ: «Пожарский, дæ финстæг уой аккаг нæй, цæмæй æй шляхтаг гъостæ игъосонцæ. Лæгдзийнадæй дæ хæрæгæнгæс æма Хуцауи рази ба гъомурун. Амæй фæстæмæ нæмæ уæхæн æрра гъудити хæццæ дæхе мабал æрхатæ, дæ адæми ба сæ дзубурти хæццæ сæ хæдзæрттæмæ рауадзæ».

Польшаг-литвайæгтæ уруссаг тухæ ке нецæмæ дардтонцæ, уоми дессагæй неци адтæй. Циуавæр нихмæлæуууæг уидта Юзеф Будзило æ комкоммæ? Фиццаг хатт ке нихмæ тох кодта, етæ бустæги æдзæллагхуз адтæнцæ: «Айдагъ медæггаг хæдæнтти æнæ хæлæфтæй. Цалдæр тугъдонемæ еунæг къерах æма топпихуасæ армидзаги æмбес...»

Минин æма Пожарский Мæскумæ ци тохæг адæми дуккаг къуар æрбакодтонцæ, уони 'хсæн сæйрагдæр адтæнцæ ефстаг «æрмæгуруæвæг» гъæздугутæ æма æрмдæснитæ, растдæр зæгъгæй ба фулдæр – хумæтæг адæм. Уæрæсей паддзахади хуæздæр æма тухгиндæр лæгтæ ба уæдмæ фæццагъди 'нцæ, фæстаг аст анзей дæргъи сæ медастæу ци буцæутæ 'рцæуидæ, уонæмити.

## «КÆРОЙНАГ АДÆМ»

«Польшаг-литвайаг æфсад» æма «Мæскуй польшаг байахæст», зæгъгæ, дзурдтæбæл уотæ исахур ан æма нæмæ не 'гъдауæвæрдти уотæ кæсунцæ, цума еци тухæесгутæ айдагъдæр польшæгтæ адтæнцæ, уотæ. Е нæ зунди ниффедар æй. Уотемæй ба, 1604 анзæй райдайæ æма фæстæдæри уæнгæ Речь Посполитойи æрбалæбурдтити тухтæн сæ фулдæр адтæнцæ «черкастæ» ке худтонцæ æма нур «украинаг хъазахъæгтæ» ке хонунцæ, еци адæмтæй.

Советон доги еци хабари кой, цæмæдæр гæсгæ нæ кодтонцæ. Нур ба украинаг историктæ уой нимайунцæ сæ националон æскъуæлхтдзийнадæбæл. «Мæскуй территоритæмæ XVII æноси æстæри архайдтонцæ, зæгъун æнгъезуй, Украинæ-Уæрæсей «шляхтæ» еугурæй дæр». Гъо, уомæй сæрустур æнцæ, фал уотемæй ба сæхе цæмæй растауонцæ, уæхæнæй си неци уинæн. «Шляхтæ», уæдта «украинаг хъазахъæгтæ» уæди рæстæгути сæхе равдистонцæ цъамардæрæй-цъамардæр тухгæнгутæй, лæгмартæй æма æстъегъгутæй. Уони æзнаггади фудæй уруссаг паддзахади хумзæнхити 80 проценти æнæкойгондæй байзадæнцæ.

Æрхæсдзинан минкъий цау. «Еу уæхæни атаман Михаил Баловень зæнхкосæг уацайрæгтæн сæ гъости æма гъæлæсти топпихуасæ ниннæмидæ, уæдта сæбæл бандзаридæ... Уотемæй мæрдтæмæ барвиста æхсæз мин адæймаги. Иннетæн ба бантæстæй сауæнгæ Уорс денгизи уæнгæ исхъæртун. Уоми арт æндзарстонцæ æма сугътонцæ гъæутæ, аргъауæндæнттæ. Айдагъ Онеги уой фæсте иссирдтонцæ тухмард ке ракодтонцæ, уæхæн 2,5 мин адæймагей – зæрæндтæ, силгоймæгтæ, сувæллæнттæ – мæрдтæ.

Еци «украинаг адæм» бадтæнцæ Мæскуй Кремли дæр уæди польшаг хецæутти хæццæ. Айдагъдæр уруси тогæй адæми фæрци берæ нæ фæббадтæнцæ Кремли. Еци рæстæг сæмæ багъардта еу рæстдзийнадæ: «Уруссаг лæг зундгин æй, курухон, æдæрсагæ. Топпи хæццæ ба ин басæттунæн знаг мадзал нæ еруй, æмрезæги си резуй!»

### НÆКÆСИ

## СÆ ФИДБИЛИЗТÆ – СÆХЕ ФУДÆЙ...

Польшаг-литвайаг æма «украинаг адæм»1610-1612 æнзти Мæскубæл ку æртеголæ 'нцæ», уæд сæбæл ци устур бæлæхтæ 'рцудæй, уоми фудгин æнцæ сæхуæдтæ. Еци æнзти гусар Самуил Маскевич куд финста æ бонуги, уомæ гæсгæ: «Махонтæ сæхе дардтонцæ бустæги сирдти хузæн. Бунæттон цæргутæ сæмæ лигъз цæстингасæй ке кастæнцæ, айдагъ е сæ фагæ нæ уидæ, фал ма си сæ зæрдæмæ ци фæццæуидæ, уой дæр тухесæ кодтонцæ, кæми ба гъæздугæн æ уосæ кенæ ба æ кизги? Немуцаг ихуæрст тугъдон Конрад Буссов ба финста: «Æфсæддонтæ къарти фæххуæрд уиуонцæ зундгонд боярти æма сæудегерти сувæллæнттæ, уой фæсте ба сæ тухæй байсиуонцæ æма сæ сæхе бæстæмæ сæ ниййергутæ æма хæстæгутæн рарветиуонцæ».

1611 анзи мæскуйæгтæ лæборгути нихмæ ку райистадæнцæ, уæдта сахарбæл арт бандзарстонцæ. Артæндзаргутæй еу адтæй Самуил Маскевич дæр: «Бустæги фæстагмæ зинг е 'цæгæй исхуæстæй, думгæ мах æрдигæй кодта æма арти æвзæгтæ уруси 'рдæмæ рахуæцгæй, уони сæ бунæттæ æма сæ римæхсæнтæй сурдтонцæ. Дуйне еугур æмæнтъери иссæй. Сæ есбон, сæ мулки еу хай син махонтæ фæххæлæф кодтонцæ, иннæ хай ба арти амæттаг бацæй. Хуайрæгтæ фесавдæнцæ...»

Юзеф Будзило æма е 'мтугъдонтæ тугъди фæсте нæудæс къуæрей фæббадтæнцæ талингæ æма слестгæнæн ахæстдони. Фал уæддæр сæрæгасæй райервазтæнцæ. Европаг бæсти син хъæбæр карз тæрхон рахастонцæ. Уруссæгтæ ба сæ цалдæр анзей фæсте исуæгъдæ кодтонцæ.

**Фондз æма æхсæзинсæй анзей размæ (1899 анзи 3 ноябри) Владикавкази цитгин уавæри Ирон бæхгин дивизионæн лæвæрд æрцудæй штандарт (сæрмагонд æфсæддон туруса).**

*Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), Индий фарни лæг: «Кæцифæнди адæмихатт дæр гъæуама æ зунди цирагъ хуссун ма уадза, цæмæй иннæ адæмихæттити хæццæ еумæ рохс кæна дуйне. Æ цирагъ кæмæн расæттуй, еци адæмæн дуйнеуон бæрæгбони бунат нæбал фæууй. Æнамонд æнцæ, цирагъ кæмæ нæййес, еци адæм, фал мин хатти æнамонддæр æнцæ, рохс кæмæ адтæй, фал æй*



Нæ турккаг æмзæнхонтæй Цæгат Иристонмæ ка 'рбацæуй, уони зæрдæхцæуæнæй исиуазæг кæнунцæ нæ республики разамонгутæ. Аци къарæ ист æрцудæй, нæ республики Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО аци анзи райдайæни турккаг иуазгути хæццæ фембæлди рæстæг.

# «ДЕДЕНÆГ ДÆР Æ БОНИ АЛЛИХУЗОН ÆРТТЕВУЙ...»

Нæ номдзуд поэт Мамсурати Темирболат е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста: «Дидинæг дæр йæ боны алыхуызон æрттивы...» Æма уотæ нæй адæймаги цардвæндаг, æ ирисхъæ?.. Уой нæ адæм недзамантæй ба абони уæнгæ дæр æхебæл нæ бавзурста æма нерæнгæ дæр ма æвзаруй? Уогæ нуриккон хабæртти кой нæ кæндзинан, уомæн æма нæ дзубанди æндæр цаути фæдбæл уодзæнæй...

Куд æнгъæлæн, уотемæй уин зудгонд уодзæнæй, нæудæсæймаг æноси бæрæгастæу æнзти не 'мзæнхонтæ къуæрттæ-къуæрттæй сæ цардиуаги уавæртæ фæххузæнондæр кæнуни зæрдтæй цæун байдæдтонцæ Туркмæ. Уæди рæстæгути æвдесæнтæмæ гæсгæ, фиццаг уолæн адтæй Кавказаг тугъди фæсте. Уæд ранæхстæр æнцæ не 'мзæнхонтæй пусулмон динбæл хуæст ка адтæй, еци адæм. Худтонцæ сæ мухаджиртæ. Бæрцæй берæ нæ адтæнцæ. Аци æзмæлди сæргъи лæудтæй Баделий бундар Абисалти Алимурза. Æ хæццæ Туркмæ рандæнцæ Абисалти, Туйгъанти, Хъубадти, Хъанухъти, Хъусати æма Козурти муггæгти минæвæрттæ. Аци муггæгтæ сæ хæццæ райстонцæ, ихуæрсти сæмæ ка адтæй, еци косгути дæр. Уони фæсте ба Туркмæ рафтудæнцæ не 'мзæнхонти иннæ къуæрттæ. Сæ бæрцæ ба адтæй дзæвгарæ фулдæр. Разамунд ба син лæвардта тагауйраг æлдар, уруссаг æфсади инæлар-майор Кундухти Муссæ. Уæд уой хæццæ сæ цæрæнбунат раййивтонцæ фондз мин бийнонти: Æлдаттатæ, Хъанухътæ, Кундухтæ, Мамсуратæ, Тхостæ, Дударатæ æма æндæртæ.

Кæд æма уæлдæр ранимад муггæгти минæвæрттæ сæ цæрæнбунат раййивтонцæ, сæ политикон цæстингаси туххæй, уæд фæстæдæр ба Туркмæ ци берæ адæм ниххæррæтт кодтонцæ, уонæн сæ еци фæндони рæуонæ цæхгæрмæ æндæр адтæй – цудæнцæ хуæздæр цардагор, сæ мæгур, се 'гудзæг цардиуаги уавæртæ фæрræвдзæдæр кæнуни туххæй.

Уогæ нæхстæр ба кодтонцæ зæрдхъурмæй, сæ фидиуæзæгæй сæ сæ къах нæ хаста. Уой фæдбæл мæнæ куд финста е 'мдзæвги Хъубадти Темурболат:

*Туркмæ цæуæм, Туркмæ цæуæм,*
*Æнæбары цæуæм, лидзгæ кæнæм.*
*Размæ цæуæм, цæуæм, фæстæмæ кæсгæ.*



**Разæй бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): ДЗАПАРТИ Джамилия, Бобо æма Джамиль; дуккаг рæнгъи ба лæуунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): ТАУАСИТИ Сарæ, ДЗАПАРТИ Сабия æма ЦОРИТИ-ЦÆГОЛТИ Зойæ.**

*Хæрзбон зæгъæм, райгуырæн хæхтæн,*
*Хæрзбон зæгъæн, райгуырæн бæстæн,*
*Фæстæмæ кæсгæ, фæстæмæ кæсгæ...*
*Хæрзбон, хæрзбон, нæ хæхтæ, нæ бæстæ*
*Ныккæут, нырризут, сымах нæ фæстæ.*
*Мах куы цæуæм, дард бæстæм.*
*Нал уæм æрцæудзыстæм, мах фæстæмæ.*
*Махæн нæ вагæттæ фараст сты,*
*Бесланы хъæуæй нын рараст сты...*
*Размæ цæуæм, фæстæмæ кæсгæй.*
*Нал уæ фендзыстæм, нал нæ*
*фендзыстут...*

Аци лæги, æнæбари хехес ка иссæй, уой гъенцъун балæдæрун æнгъезуй – æцæгæлон рауæни цийфæнди рævдзæдæр уавæртæ дæр бустæги зæрдтагон нæ фæуунцæ. Фал син ци гæнæн адтæй... Сæ цардиуагæ сæ аразун гъудæй. Æма, кæд æцæгæлон бæсти хъæбæр берæ зиндзийнæдтæ син æвзаргæ рауадæй, уæддæр сæ кустуарзондзийнади, се 'гъдау æма ездондзийнади фæрци син е æнтæстæй, мадта сæхе бауарзун кодтонцæ бунæттон адæмæн дæр. Хецауадæ дæр сæмæ зулун цæстæй нæ ракастæй. Исаразтонцæ си цæрæнбунæттæ, кæцимити тумугъæй цардæнцæ. Фал син иннемæй ба сæ Райгурæн бæсти хæццæ бастдзийнадæ ке нæ адтæй, уой туххæй ба хъæбæр хъурдохæн кодтонцæ сæ медхурфи... Æма уæд си алке зæрдæ дæр ристæй Хъубадти Темурболати, «нал уæ фендзыстæм, нал нæ фендзыстут», зæгъгæ, гъенцъун загъдæй. Уæд си, ка 'й зонуй, æруагæс дæр нæ кодтайдæ, ралæудзæнæй уæхæн рæстæг, æма уин фидтæлти райгурæн зæнхæ, уæ ахил бабæрæг кæнуни равгитæ уодзæнæй, зæгъгæ, зæрдæвæрд. Æма æцæгæйдæр уæхæн рæстæгутæ ралæудтæнцæ. Уони, гъулæггагæн, хестæр фæлтæр нæбал æрæййафтонцæ, се 'носон дуйнемæ рандæнцæ рист зæрдитæй, æрхун кæнгæй...

Хуцауæй боз æма, дуйне уотæ æрзилдæй, æма сæ кæстæртæн фадуат фæцæй, æгæрон уарзтæй ци Иристон уарзтонцæ æма уарзунцæ, сæ еци фидтæлти зæнхæ бабæрæг кæнун, сæ хеуæнттæ æма хæстæгути хæццæ базонгæ унæн, кæрæдзебæл бацийнæ кæнунæн. Æма еци гæнæнæй беретæ æвæстеуатæй пайда кæнунцæ. Зæгъæн, евгъуд æноси 80-аг æнзти Дзапарти Темурхъани бийнонтæ Чиколай гъæуи фембалдæнцæ сæ мадии 'рвадтæлтæ Баликъоти хæццæ. Уой туххæй зундгонд журналист, рохсаггаг Амилахуанти Хизир сæрмагондæй ци æрмæг бацæттæ кодта, уой уин уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзинан. (Газет «Ленинон» 1988 анзи, №143).

* * *

## ЦИЙНÆ КÆНУНЦÆ ДЗАПАРТÆ

Паддзахадон арæнæн æ дууердигæй тоггинтæ нæ, фал хæстæг æнсувæртæ ку фæццæруй, æма син берæ æнзти кæрæдзей фæууинуни фадуат ку нæ фæууй, уæд уомæй зиндæр адæймагæн ци уодзæнæй? Уæхæн зиндзийнадæй берæ æнзти дæргъи рист адтæнцæ Дзапарти Темурхъани бийнонтæ. Берæ рæстæги Турки цæргæй, етæ имистонцæ Иристони син ка цардæй, сæ еци хеуæнтти, уæлдайдæр ба, сæ мади 'рвадтæлтæ – Баликъоти. Арви ферттивди хузæн сæмæ ефстагмæ Кавказæй байгъусидæ хабар сæ адгин хæстæгути туххæй, æма уæд еуцæйбæрцæдæр сæ зæрдитæн фенцондæр уидæ. Уотæ æгæрон æй фидтæлти зæнхæмæ бæллундзийнадæ.

Фæндуй мæ аци бийнонти ирисхъи туххæй лæмбунæгдæр радзорун. Темурхъан æхуæдæг дæр Турки райгурдæй. Уордæмæ нæудæсæймаг æноси æрбафтудæй æ фидæ Мæлтъис. Уомæн цард берæ зиндзийнæдтæ бавзарун кодта, фал сæбæл уæлахез кодта. Иссæй устур бийнонтæ, нийвулдæй æ ахил. Мæлтъис дæр æма Темурхъан дæр сæ фæстаг исуолæвди уæнгæ Кавказ фæууинунмæ хъæбæр фæббæлдтæнцæ, фал син еци фадуат нæбал фæцæй... Хуæздæр разиндтæй сæ кæстæрти амонд. Нур нæ паддзахæдти 'хсæн рахастдзийнæдтæ фæффæлмæндæр æнцæ. Федардæр кæнуй хæлардзийнадæ. Уой фæрци фадуат фæцæй Турки цæрæг ирæнттæ æма дигорæнттæн Иристонмæ сæ хæстæгутæ бабæрæг кæнунмæ цæунæн.

Темурхъанæн æ цæуæти хестæр Бобо æй (Уммæхан дæр æй хонунцæ), цæуй ибæл 75 анзи, е ами Иристони райгурдæй. Уомæн æ мадæ Сайлаонти кизгæ адтæй. Уой фæззиани фæсте Темурхъан æрхудта Баликъоти Цæцеуи хуæрæ Губати.

Фиццаг дуйнеуон тугъд райдайуни агъоммæ Темурхъан цæйдæрбæрцæдæр рацардæй Чиколай. Фæстæмæ Туркмæ ку нæхстæр кодта, уæд Бобобæл цудайдæ авд анзи. Надбæл дæр, æцæгæлон бæсти дæр, райдайæни ци берæ зинтæ бавзурстонцæ, етæ ин æ зæрди арф фæд ниууагътонцæ æма сæ, æвæдзи, иронх дæр некæд бауодзæнæй. Тæккæ хъæбæрдæр ба уобæл гъенцъун кодтонцæ, æма берæ æнзти дæргъи сæ адгин хæстæгутæй хецæн ке адтæнцæ.

Цард цудæй, æма син фарнæ хаста. Æрлæмбунæг æнцæ сæ нæуæг цæрæн рауæни Дзапартæ. Темурхъанæн бантæстæй æ кæстæрти тонхи рауадзун. Æ кизгæ Бобо иссæй турккаг киндзæ. Кæд æ зæрди берæ зинтæ ес, уæддæр абони нæй гъæстаг æ цардæй. Æ фурт Иссæ æй тæрхони лæг. Дæсни дарæс хуйæгбæл нимад æй æ кизгæ Нажмиат, иннæ кизгæ Навик косуй ахургæнæгæй райдайæн скъолай. Хъæбæр арфæ кæнуй Бобо æ киндзæ Салмайæй дæр. Е æй афтеки косæг. Кæд æ фидæ турккаг адтæй, уæддæр дзæбæх зонунцæ сæ мади æвзаг. Е æй, ирон-дигорон адæммæ хуæрззæрдæдзийнадæ ке дарунцæ, сæ мадæн аккаг аргъ ке кæнунцæ, уой æвдесæн. Сæ цæрæнбон берæ уæд уæхæн кæстæртæн!

Джамили хæццæ алли фембæлд дæр адæймаги зæрди бауадзуй цидæр дессаг æхцæуæндзийнадæ. Е æй бустæги хуæдæфсармæ, ездон адæймаг, кæдзосзæрди хецау. Е райгурдæй Стамбулмæ хæстæг гъæу Хъарси 1925 анзи. Уоми рарвиста е 'ригон бонтæ. Кæддæриддæр сагъæс кодта æ фидтæлти зæнхæ бабæрæг кæнунбæл æма нур цийнæ кæнуй, æ еци æносон бæлдæ ке исæнхæст æй, уобæл.

Кавкази цæрæг дигорæнттæ æма ирæнтти царди уавæрти туххæй Туркмæ

*кæмæн байстонцæ, кенæ ба ’й æхуæдæг æвæгæсæгæй ка ниууагъта, еци адæм... Алли адæмихатт дæр гъæуама æ еугур медхъауритæ дæр равдеса еугур дуйней размæ. Кæд дуйнейæн неци раттунгъон æй, уæд е ба гъæуама нимад æрцæуа национ фудракæндæбæл. Е рамæлæтæй фулдæр æй, æма ин адæмти истори неци хузи ниххатир кæндзæнæй...»*




Хеуæнтти фембæлд исфедудта игъæлдзæгдзийнадæй. Кафунцæ ТХОСТИ Орхан æма ТУСКЪАТИ Зинæ.


БЕСОЛТИ Альмæ (галеуæрдигæй), ТХОСТИ Орхан, БЕСОЛТИ Вильмæ.

раздæр аллихузон, фулдæр лæгъуз хабæрттæ игъусидæ. Нур Джамиль æма е ’мбæлттæ куд зæгъунцæ, уотемæй, нуриуæнгæ ци игъосиуонцæ, етæ мæнгæттæ ке адтæнцæ, е син бæлвурдæй рабæрæг æй: «Ами нæхе цæститæй фæууидтан, уæ цард æй рæсугъд, амондгун, еци æцæгдзийнадæ ке базудтон, уомæй игъæлдзæг æнцæ нæ зæрдитæ...»

Куд дæмæ кæсуй ами адæми рахаст, зæгъгæ, еци фарстайæн Джамиль равардта уæхæн дзуапп:

– Мах æй уотæ балæдæрдтан, æма не ’рбацуд еугуремæн дæр хъæбæр æхцæуæн æй. Еугурæй дæр нæмæ уотæ дзæбæх цæстæй кæсунцæ, æма нæбал фæззонун хæстæг æма æнæ хæстæг ка ’й, уой. Арфæ кæнæн уой туххæй еугуремæн дæр.

Джамиль берæ æнзти куста гъæууон хæдзаради, службæ кодта турккаг æфсади, уой фæсте ба адтæй фæсарæйнаг балцити, мухургæнæн машинттæ кæми аразунцæ, уæхæн заводи куста. Цубурæй æ бийнонти туххæй. Æ хестæр фурт Гази иссæй инженер, дуккаг – Назим косуй телевизион фабрики, уоми косуй æнсувæрти кæстæр Джаудат дæр. Кизгæ Салиха косуй сæхе хæдзари.

Джамилæн æхе хузæн хуæдæфсармæ ’й æ цардæмбал Сабиа дæр (Сæлбийти кизгæ). Е берæ бафæллойнæ кодта æ сувæллæнтти царди тонхи рауадзунбæл.

Темурхъанæн ма ес еу кизгæ – Джамиля. Уомæй дæр адæймаг хуарзæй уæлдай неци зæгъдзæнæй. Рагон дигорон хуæрзæгъдаудзийнадæ федар æй æ тоги. Æ цардæмбал турккаг æй, Кязим хуннуй, Сæмбегти хуæрифурт. Исгъомбæл кодтонцæ æртæ кизги.

Джамили кæстæр æнсувæр Джафар цæруй Стамбули. Æ бийнойнаг – Цæликкати кизгæ.

Кавказмæ ’рбацуди рæстæг ма Дзапартæбæл еу устур хуарздзийнадæ ’рцудæй – базудтонцæ се ’рвадтæлтæ Митцити. Етæ дæр раздæр Дзапартæй адтæнцæ, фал Митцитæй цæмæн иссæнцæ, уой базонæн ес, раздæр нæ газет «Ленинон»-и, уæдта «Рæстдзинад»-и кæддæр ци уац мухургонд æрцудæй Митцити Лалой зари фæдбæл, уомæй.

Газет «Рæстдзинад»-и Хъанухъти Ленæ ци устур уац ниффинста Туркмæ æ балций туххæй, уоми дзубанди цудæй Дзапарти Джамили туххæй дæр. Уой бакæсгæй, Митцити Кермен, Цæгат Иристони медицинон институти ахургæнæг, æнцойнæ нæбал зудта, гъудити ранигъулдæй, сæ хабар рагæй кæмæн игъуста, æ еци турккаг æрвадтæлти хæццæ ци хузи фембæла, уобæл. Фал, куд фæззæгъунцæ, ке кой кæнай, е къæсæри сæрмæ – мæнæ Дзапартæ сæхуæдтæ æрбафестæг æнцæ Иристонмæ. Е хъæбæр æхцæуæн адтæй Митцитæн. Хъазар иуазгутæн Кермен æ хæдзари ци фембæлд исаразта, уомæн гъæуй устур лæгдзийнадæ, æма е разиндтæй уомæ. Фембæлди сæ хъазар турккаг хæстæгутæбæл бацийнæ кодтонцæ муггаг ,хестæрæй-кæстæрæй сæмæ арфæ кæнунмæ цудæнцæ сæ синхонтæ, зонгитæ...

Фал уæддæр, æвæдзи, аци цийнæдзийнадæ ба араæзт æрцудæй хъæбæрдæр Цорити-Цæголти Сафарбийи кизгæ Зойи фæрци (адæм æй фулдæр Дзапа, зæгъгæ, номæй зудтонцæ). Уомæн Джамиль æ мади æммаддæлон æй.

Зойæ ку базудта Дзапарти хабар, уæд Туркмæ рарвиста хунди гæгъæди. Ниууагъта еугур гъуддæгутæ дæр æма е ’ргом раздахта æ хъазар иуазгутæмæ, рæвдауй сæ æ зæрди гъарæй. Уой туххæй Зойæй еугур Баликъотæ дæр æма иннæ хæстæгутæ дæр хъæбæр боз æнцæ. Æма куд нæ – уæхæн лæгдзийнадæ бавдесунæн устур хъаурæ гъæуй. Баликъоти муггаг, уæдта сæ иннæ хæстæгутæ сæ еугурдæр кади гъуддагбæл нимайунцæ сæ хæдзæртти цитгин иуазгути исбоц кæнун. Адæймагдзийнадæ æвдесæн æй е.

... Ардæмæ цæугæй Дзапартæн сæ над адтæй Батумибæл. Арæнбæл ку ’рфестæг æнцæ, уæд син уоми загътонцæ, Иристонæй уæмæ неке разиндтæй, зæгъгæ.

Джамиль æма е ’мбæлтти фæлластонцæ, фæсарæйнаг иуазгутæ ци туристон бази фæуунцæ, уордæмæ. Зойæ æма е ’мбал Тауасити Сарæ (Баликъоти Цæцеки кизгæ) хабармæ æнгъæлмæ кæсгæй, сæ зонгитæмæ бадтæнцæ Батумий. Уæдмæ сæмæ турбазæй хабар æрбайгъустæй: уæ иуазгутæ æрбахъæрттæнцæ, зæгъгæ. Зин балæдæрæн нæй, еци рæстæги дууæ силгоймаги ци уавæри адтæнцæ, е. Куд фæззæгъунцæ, зæ зæрдитæ уæлдай цæф кодтонцæ. Туристтæ кæми бадтæнцæ, еци залмæ, бакæсгæй Сарæ æ гъæлæсидзаг нигъгъæр кодта:

– Джамиль!

Лæг фæйнердæмæ ракæсæ-бакæсæ кæнун федæдта, дес кодта, мæн ка зонуй, зæгъгæ.

Мæ цæститæбæл гъазуй дууæ синхаг паддзахадей арæнбæл еци фембæлд куд адтæй, е. Хъуритæ, цийни цæстисугтæ...

... Мæйæй фулдæр Дзапартæ ами ’нцæ æма сæ хæстæгутæн се ’мбесбæл дæр хатт нæма фæцæнцæ. Се ’здæхуни рæстæг ба æрбахъæрттæй æма хъæбæр гъенцъун кæнунцæ. Фал, æвæдзи, дзæгъæли æй сæ гъенцъун – райдайæн ес, уодзæнæй ма син берæ æхсицгон фембæлдтитæ Иристони дæр æма Турки дæр. Уадзæ æма æнсувæртæ цæронцæ хæларæй. Æнсувæр берæ ка уарза, лимæндзийнадæн дæр е кæнуй устур аргъ.

* * *

Еци цийнаг фембæлдæй нуриуæнгæ берæ æнзтæ рацудæй. Гъулæггагæн, аци уаци хъайтартæй кадæртæ не ’хсæн нæбал æнцæ. Рохсаг уæнтæ...

Абони ба цард уотæ ’рзилдæй, æма Турки цæрæг æнсувæртæ æма хуæртæн никки хуæздæр фадуæттæ фæззиндтæй сæ Райгурæн бæстæ бабæрæг кæнунæн. Мадта Турки дæр сæ ахид бабæрæг кæнунцæ сæ хеуæнттæ. Се ’хсæн ес федар бастдзийнадæ. Уордæмæ ахид цæунцæ нæ республики минæвæрттæ, исфæлдистадон коллективтæ, исаразунцæ си аллихузон равдиститæ. Турки не ’мзæнхонти диаспорæ «Алан»-æн ес устур кадæ. Æ иуонгтæ ’нцæ инсæй мин адæймагемæй фулдæр. Диаспорæн разамунд дæттуй Хъусати Садреттин. Аци еугонди иуонгтæ ахид иссæунцæ иуазæгуати Цæгат Иристонмæ. Зæгъæн, аци анз нæ республикæ бабæрæг кæнгæй, сæ хъæппæресæй араæзт æрцудæнцæ зæрдæмæдзæугæ культурон-рохсадон мадзæлттæ. Сæ фулдæрей нисанеуæг ба адтæй нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнун æма æ идарддæри райрæзти фæдбæл. Зæгъæн, Цæгат Иристони нæ маддæлон æвзаги сæрбæлтау хъазауатонæй ка архайуй, уонæй устур къуарæн цитгин увавæри исаккаг кодтонцæ æхсæнадæ «Алани»-й сæрмагонд хуæрзеугутæ. *(Уой фæдбæл араæзт цитгин мадзали ист къарæ мухур кæнæн дæлдæр).* Цæмæдесагæн ба ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма еугур рауæнти дæр нæ турккаг æнсувæртæ еугурæй дæр дзубанди кодтонцæ нæ маддæлон æвзагбæл. Уой уомæ гæсгæ баханхæ кодтан, æма еци æгъдау, æвæдзи, махæн, комкоммæ ами Цæгат Иристони ка цæруй, уонæн дæр æй бафæнзуни аккаг – æнæмæнгæ кæми фæгъгъæуй, уоми дæр фулдæрæй-фулдæр хæттити нæбал дзорæн нæ маддæлон æвзагбæл...

Нæ турккаг иуазгутæн нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой хæццæ син ци фембæлд адтæй, уоми син е зæрдиагæй райарфæ кодта, сæ фидтæлтиккон райгурæн бæстæй изол цæргæй, æновудæй ке архайунцæ, маддæлон æвзаг, фидтæлтиккон федауцæ æгъдæуттæ æма фæткитæ цæмæй цардгъон уонцæ, цæмæй уони уодварни гъомусдзийнади фæрци гъомбæл кæнонцæ ирæзгæ фæлтæртæ дæр.

Хъусати Садреттин дæр Сергей Меняйлойæн райарфæ кодта, Турки цæрæг не ’мзæнхонтæмæ дзæбæх цæстингас ке даруй, уæдта алли гъуддаги дæр сæ фарс ке фæууй, уой фæдбæл.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъун гъæуй, æма Цæгат Иристони дзилли æма Турки цæрæг не ’мзæнхонти ’хсæн æнсувæрон рахастдзийнæдтæ æнгонæй-æнгондæр ке кæндзæнæнцæ, е ни федарæй æруагæс кæнуй. Уомæн æвдесæн – мæнæ уин абони ци хабæрттæ ракодтан, етæ.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ.***



**АЙЛАРТИ Бариси имисуйнæгтæй: «Ме ’мбали хæццæ Къостай бабæрæг кодтан. Бафарстан æй: «Адæймаг ци ’гъдауæй фæццæрдзæнæй хуæздæр?..» Æма нин æ дзуапп адтæй: «Адæймагмæ рæстдзийнадæ ку уа, æхе фæллойнæй ку цæра, уæд фæццæрдзæнæй кадгинæй, амондгунæй!..»**



Коста среди горцев». Картина Батыра КАЛМАНОВА.

# ЗÆРДТАГОНÆЙ БÆЛДТÆЙ АДÆМТИ ÆХСÆН ÆНСУВÆРДЗИЙНАДÆМÆ...

## (ХÆЛАРДЗИЙНАДИ ЕУÆЙ-ЕУ МОТИВТÆ КЪОСТАЙ ИСФÆЛДИСТАДИ)



**ЦÆЛЛАГТИ Владимир**
(1939-2009),
Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат

***Абони, Уæрæсей зингæдæр паддзахадон бæрæгбæнттæй еуей - адæмон еудзийнади Бони - хуæдразмæ Хетæгкати Къостай исфæлдистади туххæй æрмæг ке мухур кæнæн, уомæн ес ахсгиаг дууæ рæуаги: еуемæй, хуæрзæрæги, 15 октябри æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма астинсæй анзи (1859-1906), иннемæй ба, æ исфæлдистади уæлдай зингæ бунат ахæстонцæ адæмти ’хсæн хæлардзийнади æма еузæрдиуондзийнади туххæй сагъæстæ. Къоста æ исфæлдистадæй дæр, æ цардиуагæй дæр, æма е ’хсæнадон архайдæй дæр адтæй еугур адæмихæттити ’хсæн дæр еудзийнадæбæл æ доги тæккæ разæнгарддæр тохгæнгутæй еу. Е хъæбæр бæлдтæй, цæмæй дзиллитæн, кæцифæнди адæмихæттитæй кенæ кæцифæнди динбæл хуæст уогæй, сæ цардарæзти син сæйрагдæр куд кæрæдземæн æнсувæреуæг кæнун æма æмзунд-æмвæндæй сæхецæн райдзаст исонибон аразун.***

Хетæгкати Къоста 1893-1897 æнзти цардæй Стъараполи æма куста газет «Северный Кавказ»-и. Аци газет мухургонд цудæй æ официалон редактор Д. Евсееви номæй, фал архивон гæгъæдитæ æма ахургæндти æртасæн куститæ куд амонунцæ, уотемæй е ’цæг редактор, æ сæргълæууæг, æ идейон æздæхт æма политикон цæсгон аразæг ба адтæй Къоста.

Æма ин цæйбæрцæбæл æнтæстгинæй разамунд лæвардта, уомæн ба æвдесæн æй е, æма си ци уадзимистæ æма фельетонтæ мухургонд цудæй, етæ дзиллæн уæлдай цæмæдесаг адтæнцæ, уони фæрци, зæгъун æнгъезуй, стъараполаг газет æ рæстæги нимад адтæй Кавкази мухури фæрæзнитæн сæ хуæздæртæй еуебæл.

«Северный Кавказ», – финста газет «Казбек», – принадлежит к числу одной из корректных кавказских газет, являя собой образец честности, беспристрастия в суждениях о событиях дня и освещении фактов провинциальной жизни».

Нæудæсæймаг æноси фæстаг дæс анзи, Къоста профессионалон журналисти куст ку кодта, еци рæстæг Цæгат Кавкази хуæнхаг адæмти цард, се ’хсæнадон-политикон гъуди хæмбохъула кодта уалдзигон ивулд дони хузæн.

Уæрæсей историй еци æноси 90-аг æнзтæ адтæнцæ фæллойнæгæнæг дзиллити уæди паддзахадон цардарæзти цагъардзийнадæй иссæребарæ уни сæрбæлтау змæлди рæстæг. Цæгат Кавкази адæмти цардиуагæ ба адтæй никки æдзæллагдæр, куд фæззæгъунцæ, бон – тузмæг, æма исонибон – æбæрæг. Уæди уæхæн уавæртæбæл дзоргæй, лæдæрун гъæуй уой, æма, еуемæй, уæдмæ капиталистон рахастдзийнæдтæ рауагътонцæ арф уедæгтæ æма æрфедар æнцæ Цæгат Кавкази дæр, иннемæй ба, хуæнхаг адæмтæн фæззиндтæй хе интеллигенци æма сæ национ хелæдæрундзийнадæ исуагъта цардгъон æвзарæ.

90-аг æнзтæмæ Уæрæсей æма фæсарæйнаг капиталисттæ 90-аг æнзтæмæ сæхердигæй фæккодтонцæ æма дехгонд фæцæнцæ хуæнхти аллихузон згъæртæ æма минералтæй гъæздуг зæнхи хæйттæ. Экономикон æгъдауæй дæр Кавказ «саст» æрцудæй æма хуæнхæгти фæстаг нифситæ æма бæлдитæ фунти хузæн фæццидæр æнцæ.

Уæрæсей минкъий адæмти æбарæдзийнади туххæй фæллойнæгæнгути фæтæг В.И. Ленин финста: «Национальный гнет по отношению к последним, неслыханный по своей жесткости и нелепости, скапливал в неполноправных народностях сильнейшую ненависть к монархам. Нечего удивляться, что эта ненависть к тем, которые запрещали даже употребление родного языка и обрекали на безграмотность массы народа, переносилась и на всех великороссов».

Æма уæхæн карз уавæрти хуæнхæгти маст кæцирдæмæ ниццæлхъ кодтайдæ, уомæн устур ахедундзийнадæ адтæй. Къостай хузæн æмтог-æмхæстæг ахургонд æма фæууинæг лæгтæй берæ аразгæ адтæй: сæ зунд, сæ унаффæмæ син игъустонцæ се ’мбæстæгтæ, æууæндтæнцæ сæбæл.

Къоста æма е ’мзæрдиуонтæ уæхæн уæззау æма бæрнон рæстæг цубурзунд надбæл не ’рлæудтæнцæ, сæ архайд идæрдтæбæл райвулдæй. «Ци уодзæнæй нæ исонибон, нæ фæстаг?..» – уобæл адтæй сæ сагъæс. Се ’хсæнадон-политикон æма исфæлдистадон кустæн адтæй еу, фал ахсгиаг нисан – Уæрæсей еугур адæмихæттити ’хсæн æмæууæнкæ, кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма нимайундзийнадæ, æнсувæрдзийнадæ исфедар кæнун, цæмæй æмдух-æмзундæй æнæуинон хуæдхуæцæгади бундор исæскъунонцæ æма фæллойнæгæнгутæ амондгун, сæребарæ цардвæндагмæ рахезонцæ.

Къостай поэтикон æма публицистон исфæлдистади уомæн уотæ уæлдай бæрæг зиннунцæ дууæ сæйраг теми: еуемæй, Кавкази Уæрæсей хæццæ байеуи историон ахедундзийнадæн бæрзонд аргъ кæнун, иннемæй ба, æндиудæй еугæндзон тох исаразун паддзахи хецауади шовинистон, колонизаторон политики нихмæ.

Къоста бæрзонд хаста уруссаг революцион-демократти идейон туруса. Е ’мдзæвгити, æ публицистон уацти е лæдæрун кодта хуæнхаг адæмтæн: кæд паддзахи æфсойни  буни гъезмæрттæ кæнунцæ, карз æфхуæрдтитæ æййафунцæ, уæддæр Кавкази байеу Уæрæсей хæццæ объективон историон цæстингасæй арфиаг гъуддаг адтæй, рохс æма бæлдтаг исонибонмæ син байгон кодта урух над.

Уæрæсей хæццæ байеуи фæсте хуæнхæгтæн сæ цардиуаги, айдагъдæр фæззиндтæнцæ еуцæйбæрцæдæр нæуæгдзийнæдтæ дæр, зæгъæн, еуварсгонд цæун райдæдтонцæ, уæди уавæртæмæ гæсгæ син размæцудæн хъорæй уæлдай æгириддæр ка неци пайда адтæй, уæхæн патриархалон фæткитæ æма æгъдæуттæ. Фæззиндтæнцæ гæнæнтæ æма амæлттæ историон æгъдауæй нæуæг, хуæздæр социалон-экономикон æма æхсæнадон-политикон рахастдзийнæдтæн.

«В течение последнего полустолетия, – финста Къоста 1893 анзи, – русское влияние так изменило самобытность туземцев, и, в частности, осетин, что последние словом «особа» стали характеризовать явление отсталое, не соответствующее современным требованиям жизни».

Æ финстæгутæ æма уадзимисти Къоста ахид баханхæ кæнидæ, ирон адæм Уæрæсей хæццæ барвæндонæй ке байеу æнцæ, уой, уæдта ма уой дæр, æма знаги цæстингас ке некæд дардтонцæ урусмæ. Уой фæдбæл 1897 анзи Къоста аразийæй финста: «Громадное большинство населения Кабарды, Осетии, Чечни и Кумыкской плоскости настроено на совершенно тихий и мирный лад гражданской жизни».

*(Редакцийæй. Иристон Уæрæсей хæццæ байеу унбæл аци анз исæнхæст æй 250 анзи. Æма уой фæдбæл нæ газети берæ номерти мухургонд æрцудæй аллихузон æрмæгутæ. Зæгъæн, еци цауи фæдбæл финст аййевадон уадзимистæн сæ зингæдæр – Цæголти Василийи игъустгонд роман «Хуæнхти минæвæрттæ»-й хецæн хæйттæ. Еума хай ба мухур кæнæн абони дæр – 7-аг фарсбæл).*

Уæхæн гъуди дæр имæ ес, гъома, Шамили басасти æма Хорнигулæн Кавкази тугъд фæууни фæсте æнзти, дан, хуæнхаг адæмтæн сæ цард аразунæн фæззиндтæй хуæздæр фадуæттæ æма сæ къохи æфтуйун байдæдта агъазиаудæр социалон-экономикон æнтæстдзийнæдтæ. Кавкази тугъди цаутæбæл финст æй æ кадæнгæ «Кæуæг айнæг». Ами поэт æргомæй зæгъуй: хуæнхаг адæмти Уæрæсей хæццæ байеу – барвæндонæй уа, тухæй уа – уæддæр хуæздæрæрдæмæ фæззиндзæнæй сæ цардбæл. Фиццагидæр еци гъуди бæлвурдæй зиннуй, Къоста хуæнхæгти «недзаманти уæгъдебарæ цард» ке не ’стауй, фал ин е ’цæгдзийнадæ ирд æма реалистон хуарæнтæй ке æвдесуй, уомæй.

Кадæнги архайд цæуй «давно, давно, когда суровый Кавказ во мраке утопал». Айдагъ аци рæнгъитæ дæр бæлвурдæй æвдесунцæ автори цæстингас фидтæлтиккон «сæребарæ догæмæ». Къоста си уоййасæбæл неци уинуй уæхæнæй, хуæнхæгтæ минкъийæй-устурæй сæ уод, сæ цард цæбæл æрæвардтайуонцæ топпи цъухмæ, уæхæн хуарздзийнæдтæй. Уогæ, романтикон хузи æй уæлиау кæнгæй, æнæсайгæй æвдесуй нæ фидтæлти фудæнхæ, аллихузон гъезæмарæдзийнæдтæй æ тæккæ идзаг уæззау цард. Сæрустур æй сæ лæгдзийнадæ æма нифсæй, се ’фсармæ æма келбетæй, фал уæддæр фæсмон нæ кæнуй, «Особа»-й рæстæг ке евгъуйуй æма имæ раздæхæн ке нæбал ес, уобæл, уомæн æма уæд

*«...судьбу людей решали*
*Порыв, каприз и произвол,*
*Когда для слез, для мук, печали*
*Гораздо больше было зол;*
*Когда для варварской забавы,*
*Людская кровь лилась рекой...»*

Этнографион очерк «Особа»-йи дæр Къоста ирон адæми социалон-политикон уавæр Уæрæсей хæццæ байеуи размæ æвдесуй «змæнст», «тухгин муггæгти азар æма тухмиути» дзаманæй. Адæймаг, дан, æ сæр баримæхсуни зæрдтæй æдзæрæг, зиндони бунатмæ лигъдæй, уомæн æма «хонхи цъасæ дуйнейæй еуварс ке адтæй æма æ бацæуæнтæ æхгæд ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ бæллеццаг адтæй».

Раздæри царди уæхæн социалон характеристикæ хуæнхæгти гъуди аразта раст надбæл, æууæндун сæ кодта: паддзахи æфсойни буни гъезæмæрттæ æма уæхеритæ кæд кæнунцæ, уæддæр уруси хæццæ æнгомдзийнадæ дæттуй нифс æма амæлттæ федæни нæуæг, хуæздæр цардиуагæмæ рахезунæн.

*Уодзæнæй ма.*

**Зундгонд ирон киунугæуадзæг Гутнати Евгений фондз æма фондзинсæй анзей размæ Германий байгон кодта æхе типографи. Киунугутæй уæлдай ма си уагъæд цудæй литературон журнал «Сполохи» (1921-1923), мухур си кодтонцæ Хетæгкати Къостай, Малити Геуæргий, Гулути Андрейи æмдзæвгитæ.**

*Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг. «Гæрр, гæлæхха, е куд æй æма аци алæмæти дзæбæх дуйней, æнæкæрон стъалугин арви буни адæмæн унгæг æй? Гæрр, гæлæхха, аци райдзаст, зæрдæмæдзæугæ æрдзи астæу адæймагмæ фудонхæ, маст куд гъæуама райгура æма æхе æнгæс цардуод исфæлдистади цæгъдун куд гъæуама райдайа...»*





## ЦÆГОЛТИ Василий

# ХУÆНХТИ МИНÆВÆРТТÆ

**Хецæн скъуддзæгтæ романи дуккаг киунугæ «Гæдзæ»-йæй.**

Габо æхенимæр исдзурдта: «Дæ цъух – мудикъос, раст си муд цумæ…»

– Цæмæй фæррæдудæй, уой дин загъ-тон. Еу цъæрна ба хорбæл дæр ма ку разиндзæнæй…

Фиди нифсхастдзийнадæ ’й еуемæй цийнæйдзаг кодта, иннемæй таси æфтудта, уомæн æма нæ зудта, Гагудз имæ ци цæстæй ракæсдзæнæй, уой. Захъайæгтæн Хъесати хестæр æнæсеккагæй фастихадзи адтæй, æ дзубандибæл ин дууæ нæ зæгъдзæнæнцæ.

– Дæ зæрдæбæл дарæ, мæ фурт, адæймаг зæнхæбæл нæ рацæудзæнæй, æ фæсте уæддæр ести фæд нæ ниууадзгæй…

Габо нур ма нур æрлæдæрдтæй, æ фиди дзубандий хатт – раст цума ин идард балций размæ фæдзæхсгæ кодта.

– Гагудз ин æгæр карз тæрхон рахаста. Æ барæ æхе. Кæстæрти неци барæ ес тæрхæнттæ хæссунмæ. Мах ба ин гъæуама аккаг аргъ искæнæн. «Æгæр уæззау уаргъ райста æхемæ мæ фидæ, – расагъæс кодта Габо. – Цæмæй æцæгдзийнадæ исбæлвурд кæнай, уомæн берæ зунд гъæуй».

– Нæ синхон дæ кæд гъæуама исамондгун кæна?

Ку нæ ’й бафарстайдæ, уæд хуæздæр адтайдæ: зæронд лæги цæсгон ратар æй.

– Айдагъ дæуæй нæ зæгъун. Нæ дууемæй дæр. Абони ку нæ, уæддæр исон аци хæдзари хестæри бунат дæумæ хауй.

Æностæмæ ку нæ цæрдзæнæн…

– Дæу бæсти знаг рамæлæд.

Еци загъдмæ ба фидæ бустæги æнаразий тилд бакодта æ сæр: мæлæт ма зæгъæд дæ зæрдæ знагæн дæр.

– Изæри Бæза ами куд уа, уотæ!..

… Дууæ изæрей астæу Дзеу Хангерийтæмæ фелвæстæй.

– Бæза – Гадæгкой иуазæг!

Цуппæркъахуг ниллæг фæйнæг къела æ къахæй æхемæ æрбанхуæрста æма ибæл æрбадтæй. Хæдзари хецау имæ æдзинæг никкастæй. Æхенимæри æй цалдæр хузи ралгъетуни фæсте æ бунатæй фестадæй æма дуармæ хæстæгдæр рацæугæй исдзурдта:

– Хæрæг æхе догъонбæл нимайун ку райдайа, уæд дуйней исæфт ралæууй.

Хангерийи дзубандитæ Дзеуи зæрдæбæл судзийни циргъæй рæхусти хузæн исæмбалдæнцæ. Хæстуолæфт кæнун федæдта, æ цæсгон рагъолæнттæ ’й. Хангерийæн афонæ бæргæ ’й æ цæстингас имæ раййевунæн. Уогæ нецима исаразта уæхæнæй, цæмæй цъамарæй цъамайрагдæри бауæндун кæна, кади аккаг ке æй, уой туххæй.

– Ци æртъæпæн дæ мæ хæдзари? Æви дæ арви буни цæун нæбал фæндуй? Мæ цæсти кæронæй дæр дæ куд нæбал фæууинон, уотæ!

Дзеу Хангерийи зудта æма бабæй си ке фæттарстæй, уомæй æхемæ кæд мæстгун кодта, уæддæр æ бунати бадгæ байзадæй, кæдимайди ба, æ маст ку ’ссæуа æма æ гъæртæ ку фæууонцæ, уæд æй фæрсун райдайдзæнæй. Бæза æма Гадæгкой туххæй хабæрттæ бæхи дæр æрхъан кодтайуонцæ, е ба æ дууæ къахебæл лæугæй байзадæй. Иннæ хатт ин Дзеу нæбал ниххатир кæндзæнæй, нур ба æхебæл ниххуæстæй.

– Цума дæ саугустгæнæг дæн, еци хузи мæмæ дзæгъæл дзорис…

Хæдзари хецауи билтæ æрбанцъулдтæ ’нцæ… Нурæй фæстæмæ Дзеу Хъесати хæццæ æхе æмсæр дард кæндзæнæй.

– Ескæд уой фæууидтай æма марæг æ тоггинти хæдзари хестæрæн бадтæй?

Дзеу Хангерийи цæстингасæн ниффæразта æма уомæй æхецæй фæббоз æй: «Нури хузæн мæ æ буни нæбал рансæнддзæнæй. Æз дæр мæ фидæн фуртæн райгурдтæн!..»

– Æргом дин ку зæгъон, уæд нæ сосæгдзийнадæ римæхсун мæ бон нæбал æй, – басастæй Хангерий.

Дзеуи уæхæн уавæри фиццаг хатт фæууидта æма си фæттарстæй: ку нæ ’й фæттæрсун кæнон, уæд никки æдзæсгондæр кæндзæнæй.

– Алли адæймагæн дæр æ сæр æ губунæй уæлдæр фæууй, дæуæн ба кæми римæхст æй, æма ин е ’нгулдзæй æ къæртмæ райамудта.

Хангериймæ сауæнгæ æ фидтæлтæ нимади дæр нæ ’нцæ. Сæ циртитæй син фæггириз кæнун бандеудзæнæй.

Хæдзари хецау æ цийнæ баримæхсун нæ бафæразта æма æ билти къумтæ базмалдæнцæ. Дзеуи æркъиаги тæф идардмæ фиййи цъæстæ арауй æма имæ неке кæсуй!.. Æхецæн къниази цитгиндзийнадæ домуй… Абони ин æ къох райсæ, æма дæ исон ба кафунбæл байефтиндздзæнæй.

– Уотæ ’й, мæ хор. Нихæси адæмæн ме ’нсувæри хабæрттæ цæмæннæ ракæнис? Ебайи куд рамардта… Мæ кой дæр ди ма феронх уæд. Цæмæ ма лæууис? Цæугæ!..

Дзеу инод кæнун федæдта, æ бон ма адтæй айдагъдæр игонгъæлæсæй уолæфун.

– Нур æй балæдæрдтæн, бундартæ рауадзунмæ дæр дæ нифс цæмæннæ хæссис, уомæн æма Хъесатæй æдас нæ дæ. Сæ тог ке есдзæнæнцæ, е дин дæ нифс сæттуй… Ебайи ду рамардтай! Ду! Мæн ба Бæзабæл ардауис. Де ’нæуинон адæймагæй мæ фæрци фæййервæзунмæ гъавис? – æвзедгæгæнæгау дзурдта Хангерий.

Дзеу æ армитъæпæнти ’хсæн æ сæр нилхъивта, уотемæй хæдзари исдууердæмæ ’й, уæдта æвваст æцæгæлон гъæлæсæй нигъгъæр кодта:

– Фагæ ’й!

Хангерий уотæ ку кæна, уæд ма никкидæр еу лæги тæрегъæди бацæудзæнæй. Æ тухæ сæттун райдæдта. Æ хъаурæ нæбал æй. Цæун гъæуй ардигæй. Бæзай хæццæ сæ кæрæдзей медæги дæр рауайæнтæ.

– Мæ синхони æнцад уадзæ. Аци сæудегер ма нæ багъæудзæнæй, – балæдæрдтæ мæ? Зунд амонунмæ фæцæй Хангерий. – Дæхе фæндæ ма тæрæ!.. Догъон бæхи саргъ хæрæгæн аккаг нæй. Бæза саугустгæнæг адтæй æма уомæй байзайдзæнæй.

Хангерийи билтæ рафæлорс æнцæ: Бæзайæн е ’фхуæрд нæ ниххатир кæндзæнæй. Куййи мард æй ракæндзæнæй, фал уой размæ бал æй æ цуппæртæбæл бурунбæл бафтаудзæнæй.

– Цæугæ, – хæдзари хецау ин дуармæ райамудта, æхуæдæг еуварс разилдæй.

Куддæр Дзеу фендæдуар æй, уотæ Хангерий, æ бунатæй фæггæпп кодта, цалинмæ æвзалутæ фунук нæ фестадæнцæ, уæдмæ сæ хуссун кæнун гъудæй. Уадзæ æма Дзеу Бæзамæ мæстæй содза. Æ фонс ин Хъизлармæ раскъæрæг ке нæййес, уой туххæй æй Бæзай хæццæ радзубанди кæнун гъæуй. Зундгин лæг зин уавæри дæр тæлафтулуфæй нæ архайуй, цæхгæрмæ дæр нæ ниллæууй. Цæмæйдæр ибæл зæран дæр æрцæудзæнæй, фал сау кусти сæргъи куд æрлæууа? Е ’знæгтæ загътайуонцæ: «Сæрустур Хангерийæй æхе хæдзари ихуæрст рауадæй, исон ба Бæзамæ бæхтæрæгæй бацæудзæнæй…» Цийфæндийæй дæр ниффæразун бал гъæуй. Уой фæсте ба? Дзеуæй испайда кæндзæнæн. Лæгъуз куййæй æ цæфтæ куд феронх унцæ, уотæ æ маст берæ нæ хæссуй. Ци ин зæгъай, уой бакæндзæнæй. Æцæг – фæстæдæр. Нур бал æй Гагудзи хæццæ еу гъудимæ ’рцæун гъæуй.

… Зæронд бадтæй иуазæгуати гъæди бæрзонд лухбæл. Ке зæгъун æй гъæуй, Хангерий некæмæ байгъосдзæнæй, фал уæддæр æгъдау уотæ амонуй: муггаги хестæри бафæрсæ.

– Гагудз!

Зæронд лæг æ бунатæй æзмæлгæ дæр нæ фæккодта. Уой размæ бон Хангерий Ебайи фурттæмæ æнæуагæ цъухæй исдзурдта æма имæ Гагудз æ мулк радех кæнунæй бавзиста, уомæн æма гъæуама алкедæр зона, Ебайи фурттæ æ байзæдтæгтæ ке ’нцæ, Хъесати муггаг идарддæр карахъæртун кæндзæнæй æма сæмæ гъæуама маке æууæнда.

Хангерийи бакасти адзалхæссæг хъаурæ куд адтайдæ, уæд, æвæдзи, уотæ бакодтайдæ æма Гагудзæй æрхотуг дæр нæбал байзадайдæ, фал æндæр гæнæн нæййес, бухсун гъæуй козбаугæнæгау хе æвдесун. Æндæра, Хуцау ма зæгъæд, фал муггаги хестæр ин æ зæрдихатти æцæгдзийнадæ ку балæдæрдтайдæ, уæд гъуддаг сæ хуæрзтæй нæ адтайдæ.

– Мæ зæрди дин нæуæг хабар радзорун ес.

Зæронд лæг сабургай æ къеуæ цæститæ байгон кодта. Хангерий ин æ гъоси гъæрæй бадзурдта?

– Раунаффæ кæнунмæ дæмæ ’рбацудтæн!

Зæронди цæститæ æрдæгцъундæ рацæнцæ: лæдæрдтæй æй, æвæдзи, бабæй æ зæрди ести цъамардзийнадæ æрæфтудæй.

– Амæй хуæздæр рæстæг не ’ссирдтай?

Хуæрифурт æй æхенимæр ралгъиста: «Хуцау дæ мабал исуадзæд!.. Æ карæнтæ еугурæйдæр тъæпæн гъæуи сæ бунæттæ байагурдтонцæ, а ба сæ еугурей фæсте байзадæй…»

– Ци зæгъуйнаг дæ?

Хангерий арф ниууолæфгæй исдзурдта:

– Сторвонс, дан, Хъизлари хуарз аргъ есуй… Бæза сæ рауæйæ кæнунæй зæрдæ æвæруй.

Гагудз аразий тилд бакодта æ сæр. Аци хатт мæлæти æнцондзурд æй. Кæд мæ нæ фегъуста?

– Зæгъун…

– Хъесати мæсуг ци дортæбæл лæууй, уони ма ниууæйæ кæнæ, – æ цийнæбæл ин ех дон бакалдта Гагудз.

Ебайи рæстæги дæр еци кируæтти нихмæ адтæй. Нæ фидтæлтæ дæр, дан, æнæ еци армукъайæй цардæнцæ æма, дан, кæд махæн дæр неци уидæ. Хъизларæй, хелагæ бетъинайæй куд тарстæй, уотæ æстъæлфуй. Ирон адæм, дан, лæгъуз æгъдæуттæбæл фæццалх уодзæнæнцæ, нæхе хуарз æгъдæуттæ ба, дан, иронхи байзайдзæнæнцæ.

– Куд дæ балæдæрдтæн, уотемæй мæ бустæги æдули æнгъæл дæ!

Идарддæри дзубанди дзæгъæли адтæй.

Цæмæн уотæ зæгъис? – фиццаг хатт æ медбилти бахудтæй зæронд. – Нартæ сæ лæгъузти рамарунмæ ку рагъавтонцæ, уæд, дан, тæккæ фиццаг æ кард циргъ кæнунмæ февналдта сæ тæккæ сæргъæндæр.

Æ лæдзæгæй зæнхæ ’рцавта.

– Æма куд бакæндзæнæ?

Фæрсгæ бæргæ бакодта, фал дзуапмæ ба æнгъæлмæ нæ бакастæй, уотемæй фæррасть æй гъæунгæмæ.

Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте нихæси æ зонгæ бунати бадтæй уорзакъæгин хестæрти хæццæ.

Хор хуæнхти фæсте рафтудæй. Дзæвгарæ фæссатæгдæр æй.

– Гæбиц кæд рамардæй, уой ма уи еске гъуди кæнуй? – бафарста Гагудз æма æ алливæрстæмæ ракастæй.

Захъайæгтæ хестæри ном райгъосгæй сæ бунæтти базмалдæнцæ: «Ци мæрдти æй, еци мæрдти хуарзæнхæ ’й уæд!..»

Исистун равзурстонцæ Гадæгко æма Сафарбий дæр. Æрдæггубурæй етæ загъ-тонцæ еци загъд æма фæстæмæ сæ бунæтти ’рбадтæнцæ. Сæ цæсгæнттæбæл фæззиндтæй сагъæси фæд: хестæр еци саударæн бон æхуæдæг дæр ма хуарз ку гъуди кæнуй, уæд ма сæ цæмæн фæрсуй?

– Фарæ уалдзæги нæ фустæ æлвид ку фæцан, уæд нæмæ дууæ изæрей астæу гъæргæнæг нихæсмæ фæззиндтæй, – сабургай исдзурдта Гадæгко.

Æ цæстингас цæмæдæр гæсгæ Агудзбæл æрæнцадæй. Цидæр æцæгæлон имæ фæккастæй, æхемæ игъосунбæл ке фæцæй, уæхæн. Æвваст си æ цæстингас ратудта æма Сафарбийи хæццæ фендзаст уогæй æ сæрæй зæронд лæгмæ райамудта.

– Æ ном ин фæстагæнттæ дæр æримисдзæнæнцæ, – æ дзубанди фæцæй Гадæгко.

Сафарбий ке неци дзурдта, уомæй бæрæг адтæй æ гъуди: «Дæ дзубандитæй еу дæр гæлдзуйнаг нæй…»

Гадæгко æхенимæр расагъæс кодта: Гагудз Гæбици цæмæн æримистайдæ? Кæд, миййаг, е ’рдхуарди надбæл цæун æ зæрди æрæфтудæй? Раги ма ин æй. Тъæпæн гъæуæй ами æхсицгондæрæй гъæуй. Дуккаг уæхæн хестæр гъæуи тагъд рæстæгути нæбал уодзæнæй.

– Уæдæй нурмæ дзæвгарæ рæстæгутæ рацудæй, – исдзурдта Гагудз.

Æ кæстæртæй алкедæр æ бунати æрæвардта, æ фæсте хестæрæн ке ниууадздзæнæй, е дæр ин бæрæггонд адтæй, фал уæддæр дæлæмæ нæ тагъд кодта.

*(Идарддæр. Райдайæн нæ газети 19-22-аг æма 25-аг номерти.)*

**Советон доги адæмæн тæккæ уарзондæр кинонивæ «Чапаев» фиццаг хатт æвдист æрцудæй 1934 анзи 7 ноябри Ленингради кинотеатр «Титан»-и**

*☺ Для наших чайных церемоний мы штопор так и не нашли.*
* * *

*☺ С зарплаты может отложу на бизнес. А может быть на нее беляш куплю.*

*☺ Я ненавижу власть и деньги... Когда они не в моих, а в чужих руках.*

*☺ Пришла ко мне сестра таланта, но не достала до звонка в мою квартиру.*

## ЕСКÆМÆН «НЕЦИ» КА 'Й, Е ÆХЕЦÆН ДÆР, ÆВÆДЗИ, НЕЦÆМÆЙ БАСКЪУÆЛХТДЗÆНÆЙ!..



# ДÆ КАУÆН МА ДÆ МЕХТÆ ДÆР КУ УАЙДÆ...

Мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæмæ 'ркæсæ, æма дин си дæ уодикондмæ гæсгæ хæстæгдæр ка 'й, уони равзарæ.

**1.** Дæхе де 'мбали хæццæ фембæлдмæ куд цæттæ кæнис, уотемæй дæмæ дæ лимæн æрбацудæй æма дин лигъстæ кæнуй, аци изæр æй кумæдæр цæун ке гъæуй, уомæ гæсгæ ин цæмæй æ сувæллæнтти хæццæ бабадай. Уæд куд бакæндзæнæ?

а) зин дин æй, фал уæддæр, арф ниуулæфгæй исарази уодзæнæ;

б) дæхецæй æй фервистай;

в) цæугæ ке кæнис, уой ин балæдæрун кæндзæнæ: исон æрбацæудзæнæ, зæгъгæ;

**2.** Де 'мкосæг ди ракурдта, цæмæй ин æ доклад рамухур кæнай. Ду ба...

а) уолæфæн бæнттæмæ ин исæмгъуд кодтай:

б) æхсицгонæй исарази дæ;

в) бахъур-хъур ибæл кодтай.

**3.** Дæ зæрдæмæ ка цæуй, еци адæймаг дин балæдæрун кодта, æхцайæй ке нæ хъæртуй, уомæ гæсгæ ба дæ ресторанмæ фæххинцунмæ фæххонун æ бон нæй. Æма ду ба...

а) зæрдæ ин байвардтай, ку исгъæздуг уа, уæд æ хæццæ дæ изæр ке рарветдзæнæ, уомæй;

б) дæхуæдæг æй хонис ресторанмæ æма дæхуæдæг исхарз кæндзæнæ;

в) «нецæййаг» æй исхудтай, кæд ресторанмæ адæймаги бахонун æ бон нæй, уæд.

**4.** Дæ хецау ди коруй, цæмæй уæлæнхасæн рæстæг байзайай дæ кусти, ду ба...

а) дæ зонгитæй кæмæйдæр ракордзæнæ, цæмæй иннæ уатæй æрбадзора, дæ мади хуæрæ тухст сæйгæ ке æй, æма дæ уой æвæстеуатæй рабæрæг кæнун ке гъæуй;

б) æнæдзоргæй исарази уодзæнæ;

в) дæ хецау æ бартæй æгæр ке пайда кæнуй, уой туххæй æй фудгин кæнис.

**5.** Сувæллон уогæй, де 'мбæлтти хæццæ гъазгæй, дæу фæндидæ:

а) «Золушка» ун;

б) «Красная шапочка» ун;

в) «Снежная королева» ун.

**6.** Дæ зонгитæй ди еске æхе еуварс ласун ку райдайуй, уæд ду ба...

а) дæ зæрдæ фæрресуй æма архайис, æ зæрдихатт дæу æрдæмæ хузæнондæрæй раййевунбæл;

б) æргомæй æй хонис дæ æнæуинон;

в) дæхе си ду дæр райеуварс кæндзæнæ – æнæ дæуæй дæр нæ фесæфдзæнæн, зæгъгæ.

**7.** Дæ цардæмбал дæ цидæр бабадтмæ тухласæ кæнуй, дæу ба нæ фæндуй, уæд...

а) нæ арази кæнис, нæ дæ фæндуй, уæхæн гъæрæзмæнст рауæнмæ цæун;

б) арази кæнис æма æ хæццæ ранæхстæр уодзæнæ;

в) æргомæй ин зæгъис, – е 'мбæлттæ бустæги бæзгæ ке нæ 'нцæ, уомæ гæсгæ ба уой бæсти изæр еумæ рарветæн, зæгъгæ.

**8.** Ахиддæр фæууй уотæ...

а) æнæбари дæр фæццæуис дæ лимæнти хæццæ, зæгъæн, тукæнттæмæ, æлхæнуни зæрди ку неци уай, уæддæр;

б) фæстæтæрæ сæ кæнис, цалинмæ дæхе ести æлхæнун багъæуа, уæдмæ;

в) цæхгæр син æнаразий дзуапп раттис.

**9.** Дæу зæрдæмæ ци хуæруйнаг цæуа, е дæ цардæмбалæн ба зæрдхæссæн ку уа, уæд...

а) феронх кæндзæнæ ду дæ еци хуæруйнаг;

б) фудæнæн дæр ибæл æхцул уодзæнæ, цæмæй æй е дæр бауарза;

в) дæхецæн æй хецæнæй цæттæ кæндзæнæ.

**10.** Дæ бийнонтæ, кенæ дæ зонгити хæццæ естæбæл ку рабуцæу уис, уæд...

а) ахиддæр дæхе фæффудгин кæнис;

б) уони фуд æй фæккæнис;

в) неке фуд æй фæккæнис.

**11.** Тукани дин уæйæгæнæг æнæнгъæлти аллифудтæ ракалдта, ду ба ...

а) дæхе нигъгъос кодтай;

б) дæхе ин истæрегъæдгæнæг кодтай æ зин кусти фæдбæл;

в) ду дæр си фæсте нæ райзадтæ.

**12.** Кусти бунат агоргæй...

а) дæ миздбæл бафæрсун бандеудзæнæ æргомæй;

б) куд фулдæр гæнæн ес, уоййасæбæл мизд байагордзæнæ;

в) дæ бæлдтаг домæнтæ зæгъдзæнæ.

**НУР БА ИСКÆНÆ ХАТДЗÆГТÆ:**

1а, 2б, 3б, 5а, 6а, 7б, 8а, 0а, 10а, 11а, 12а фарстатæбæл дзуæппитæн дæхецæн исæвæрæ – 2 балли.

1б, 2а, 3а, 4а, 5б, 6а, 7а, 8б, 9а, 10а,11а, 12в фарстатæбæл дзуапп ратгæй ба дæхецæн исæвæрæ – 1 балл.

Иннæ фарстатæн дзуæппити туххæй ба неци æвæрун гъæуй.

Нур ба сæ банимайæ.

Кæд 16 баллемæй фæффулдæр æнцæ дæ дзуæппитæ, уæд дæ хъауритæ æма дæхебæл бустæги хъæбæр не 'ууæндис, уомæ гæсгæ ба дин дæ лæмæгъдзийнадæй иннетæ пайда кæнунцæ, дæхе фарстатæ дин нецæмæ даргæй. Дæхе гъæуай кæнæ уæхæнттæй. Дæ бартæбæл федарæй хуæцæ. Еске зæрдихудтæй дæр ма тæрсæ. Уотемæй дин фулдæр аргъ кæндзæнæнцæ.

Дæ еумæйаг баллтæ кæд 9-15 уæнгæ исхизтæнцæ, уæд ду дæ арæхстгин, дæ бон æй дæ уæгъдебарæдзийнадæ багъæуай кæнун. Дæхецæн аргъ кæнун дæ бон æй, нæ тæрсис дæ хецауæй дæр æма де 'мбæлтти зæрдихудт æма боститæй дæр, уомæ гæсгæ ба дæ нимайунцæ.

Дæ дзуæппити «аргъ» 9 баллемæй ниллæгдæр кæд рауадæй, уæдта ду дæ зинбухсæн зæрдиуаги хецау. Дæ хæццæ еу æвзаг зин иссерæн æй. Ниууадзæ ескæмæн зундамонæн дзубандити фæткæ. Дæ зæрдихатт ку нæ раййевай, уæд дин хъæбæр зин уодзæнæй адæми 'хсæн цæрун, уомæн æма «æгæргæнæг – æгæр кæнуй».

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Детективон литературæй зундгонд фæдагор Эркюль Пуарой сорæт финсгутæй ка исфæлдиста æ уадзимисти?**

а) Жорж Сименон;

б) Агата Кристи;

в) Артур Конан Дойл.

**2. Дзурд «чебурек» ратæлмацгæнгæй ци амонуй?**

а) «Сугъзæрийнæ къинсæ»;

б) «Хуæрзадæ фуси фид»;

в) «Хом хъæбун».

**3. Нигулæн дуйнейи фиццаг ахурадон уагæдонæ ке хъæппæресæй арæзт æрцудæй?**

а) Аристотель;

б) Кьеркегор;

в) Платон.

**4. Цуппар цæугæдони, æхсæз къанауи, дæс æма инсæй хеди си ке ес, уомæ гæсгæ уæрæсейаг сахартæй кæци хонунцæ уруссаг Венеци?**

а) Нижний Новгород;

б) Вышний Волочек;

в) Великий Новгород.

**5. Зундгонд французаг физиктæй ка æргъуди кодта «Æздухсуни закъон»?**

а) Андре-Мари Ампер;

б) Блез Паскаль;

в) Шарль Кулон.

**6. Номдзуд уруссаг финсæг Николай Гоголь æ исфæлдистадон кустæй уæгъдæ рæстæг цæмæй архайдта?**

а) Халæй бийунæй;

б) Полойæй гъазунæй;

в) Науи цæунæй.

**7. Уæрæсей паддзæхтæй ке хъæппæресæй арæзт æрцудæй «Сосæг къанцеляри»?**

а) Екатерина Дуккаги рæстæги;

б) Рюрикки рæстæги;

в) Петр Фиццаги рæстæги.

**8. Æ рæстæги алæмæти дессаг науæ «Титаник» æ еунæг æма фæстаг балций кæци анзи рацудæй?**

а) 1912;

б) 1914;

в) 1927.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 40-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

1. Математикæ. 2. Геракл. 3. Михаил Лермонтов. 4.Корфу. 5. Стрелец. 6. Галхæпсæ. 7. Ауигъд сæрвасæн. 8. Дипломати.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2362**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 01.11.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 01.11.2024.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.